



Limit Resous Ak Revni

Sekirite sosyal ak Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid ap kolabore pou kapab ba w Asistans Siplemanntè pou ede w peye plan medikaman ak preskripsyon Medicare ou an. Si w gen resous ak revni ki limite, ou ka kalifye pou Asistans Siplemanntè pou ede w peye depans yo - prim masyèl, franchiz anyèl ak ko-peman preskripsyon - ki gen pou wè ak yon plan medikaman ak preskripsyon Medicare. Yo estime Asistans Siplemanntè a vo apeprè \$4,000 pa ane. Pou chèche konnen si w kalifye, Sekirite sosyal pral bezwen konnen valè ekonomi, envestisman, byen imobilye (pa liste kay ou) ansanm ak revni w. Si w marye e ou rete nan menm kay ak konjwen w, n ap bezwen konnen enfòmasyon sa yo pou nou toulède.

Si w ranpli yon *Aplikasyon pou Asistans Siplemanntè pou peye depans Plan Medikaman ak Preskripsyon Medicare* (Fòm SSA-1020), Sekirite sosyal pral deside si w kalifye pou jwenn Asistans Siplemanntè a. Pifò kesyon ki nan aplikasyon an gen pou wè ak resous ak revni. Sekirite sosyal p ap mande okenn *prèv* pou jistifye enfòmasyon ou bay yo, men li pral kontwole enfòmasyon yo avèk done ki disponib nan lòt ajans gouvènman yo.

Ki limit sou resous yo fikse?

Pou kapab kalifye pou Asistans Siplemanntè, resous ou yo pa dwe depase \$13,070 pou yon sèl moun oswa \$26,120 pou 2 moun marye ki rete nan menm kay la. Pami resous yo, gen valè tout bagay ou genyen. Men kèk egzanp:

- Byen imobilye (pa make rezidans prensipal ou);
- Kont labank, tankou kont kouran, ekonomi ak sètifika depo;
- Aksyon;
- Obligasyon, tankou Obligasyon epay ameriken;
- Fon mityèl;
- Kont endividyèl pou retrèt (IRA); oswa
- Lajan kach ki lakay ou oswa nenpòt ki lòt kote.

Kisa ki pa konte kòm resous?

Sekirite sosyal p ap konte:

- Rezidans prensipal ou;
- Posesyon pèsònèl ou yo;
- Machin ou (yo);

- Resous ou pa konvèti fasilman an lajan kach, tankou bijou oswa mèb lakay ou;
 - Byen ou bezwen pou kapab sipòte tèt ou, tankou pwopriyete an lokasyon oswa teren ou itilize pou pwodui aliman ou manje lakay ou;
 - Pwopriyete ki pa komèsyal ki nesèsè pou w kapab sipòte tèt ou;
 - Kontra asirans-vi;
 - Depans antèman;
 - Enterè ou touche oswa lajan ou gen entansyon itilize pou depans antèman; e
 - Sèten lòt montan lajan w ap sere yo pa p konte pandan 9 mwa, tankou:
 - Peman Sekirite sosyal oswa Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) retwo-aktif;
 - Asistans pou lojman;
 - Avans fiskal ak ranbousman ki gen pou wè ak rediksyon enpo sou revni ak kredi enpo pou timoun;
 - Konpansasyon ou resevwa antan viktim yon zak; e
 - Asistans pou gouvènman yon eta oswa yon gouvènman lokal bay pou demenaje.
- Ou ta dwe kontakte Sekirite sosyal pou jwenn lòt resous ki pa nan lis la.

Ki limit sou revni yo fikse?

Pou kapab kalifye pou Asistans Siplemanntè, revni anyèl ou pa dwe depase \$16,755 pou yon sèl moun oswa \$22,695 pou 2 moun marye ki rete nan menm kay la. Menmsi revni anyèl ou pi wo, ou ka jwenn asistans kanmenm. Pami egzanp ki genyen kote revni w ka pi wo, se si oumenm oswa konjwen ou:

- Sipòte lòt manm nan fanmi an ki rete nan menm kay avèk ou;
- Gen revni ou touche poutèt travay ou; oswa
- Ou rete nan Alaska oswa Awayi.

Kisa ki pa konte kòm revni?

Se pa tout peman kach ki konte kòm revni. Pa egzanp, **Sekirite sosyal p ap konte:**

- Asistans ak kupon manje;
- Asistans pou lojman;
- Asistans pou enèji nan kay;
- Tretman medikal ak medikaman;

(lòt bò a)

- Asistans pou dezaz;
- Peman rediksyon enpo sou revni;
- Asistans lòt moun bay pou peye pou depans lakay ou;
- Peman pou konpanse viktim yo; epi
- Bousdetid ak prè pou edikasyon.

Ou ta dwe kontakte Sekirite sosyal pou jwenn lòt revni ki pa nan lis la.

Kijan pou mwen aplike?

Li fasil pou aplike pou Asistans Sipleman tè. Annik ranpli *Aplikasyon pou Asistans Sipleman tè pou depans Plan Medikaman ak Preskripsyon Medicare Sekirite sosyal la* (Fòm SSA-1020). Men kijan:

- Aplike sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov/extrahelp;
- Rele Sekirite sosyal nan **1-800-772-1213** (Malantandan **1-800-325-0778**) pou aplike nan telefòn oswa pou mande yon aplikasyon, oubyen
- Aplike nan biwo Sekirite sosyal ki pi pre w lan.

Èske ajans Eta yo kapab ede m peye depans Medicare yo?

Lè w depoze aplikasyon ou pou Asistans Sipleman tè, ou kapab kòmanse pwosesis aplikasyon an tou pou pwogram Ekonomi Medicare yo – pwogram Eta a òganize ki founi asistans ak lòt depans Medicare. Sekirite sosyal pral voye Eta w enfòmasyon, eksepte si w di nou pa fè l sou aplikasyon pou Asistans Sipleman tè a. Eta w pral kontakte w pou ede w aplike pou yon Pwogram Ekonomi Medicare.

Pwogram Ekonomi Medicare sa yo pral ede moun ki gen resous ak revni limite peye pou depans Medicare yo. Pwogram Ekonomi Medicare yo ede peye pou prim Medicare Pati B (asirans medikal). Pou sèten moun, Pwogram Ekonomi Medicare ka peye tou pou prim Medicare Pati A (asirans lopital), si genyen, ak franchiz ak ko-peman pou Pati A ak Pati B.

Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Si w bezwen plis enfòmasyon sou fason pou benefisye Asistans Sipleman tè pou peye depans plan medikaman ak preskripsyon Medicare ou an, al gade nan www.socialsecurity.gov/extrahelp oswa rele Sekirite sosyal nan **1-800-772-1213** (Malantandan **1-800-325-0778**). Reprezantan Sekirite sosyal disponib pou ede w ranpli aplikasyon ou an. Aplike touswit pou kapab jwenn benefis yo pi vit.

Si w bezwen enfòmasyon konsènan Pwogram Ekonomi Medicare yo, plan medikaman ak preskripsyon Medicare yo, sou fason pou enskri nan yon plan oubyen pou mande yon kopi tiliv la ki rele *Medicare & You*, tanpri al gade nan www.medicare.gov oswa rele nan **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**; Malantandan **1-877-486-2048**). Pwogram Konsiltasyon pou Asirans Sante ak Asistans (SHIP) kapab reponn kesyon ou genyen osijè Medicare. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou SHIP lokal la nan do tiliv Medicare lan, sou Entènèt nan www.medicare.gov anba «Asistans ak Sipò» oubyen ou kapab mande pou yo voye l ba w lè w rele biwo a.